Tadqiqot.uz

ISSN 2181-0737

Doi Journal 10.26739/2181-0737

# МАДАНИЯТ ЧОРРАҲАЛАРИ

4 ЖИЛД, 3 СОН

# ПЕРЕКРЁСТОК КУЛЬТУРЫ

ТОМ 4, НОМЕР 3

# CROSSROADS OF CULTURE

VOLUME 4, ISSUE 3

ТОШКЕНТ-2022

# МАДАНИЯТ ЧОРРАҲАЛАРИ

## ПЕРЕКРЁСТОК КУЛЬТУРЫ | CROSSROADS OF CULTURE

№3 (2022) DOI http://dx.doi.org/10.26739/2181-0737-2022-3

| БОШ МУҲАРРИР: | ГЛАВНЫЙ РЕДАКТОР: | CHIEF EDITOR: |
| --- | --- | --- |
| **Юсупова Марина Римовна** санъатшунослик фанлари номзоди, доцент | **Юсупова Марина Римовна** кандидат искусствоведения, доцент | **Yusupova Marina Rimovna** candidate of art science, assistant professor |
| **МАСЪУЛ КОТИБ:** | **ОТВЕТСВЕННЫЙ СЕКРЕТАРЬ:** | **EXECUTIVE SECRETARY:** |
| **Маматқосимов Жаҳонгир Абиркулович** – PhD, доцент | **Маматкасимов Джахонгир Абиркулович** - PhD, доцент | **Mamatkasimov A. Jakhongir** – PhD, assistant professor |
| **ТАҲРИР ҲАЙЪАТИ:** | **РЕДАКЦИОННАЯ КОЛЛЕГИЯ:** | **EDITORIAL TEAM:** |
| **Маврулов Абдухалил Абдулхаевич** - тарих фанлари доктори, профессор | **Маврулов Абдухалил Абдулхаевич** - доктор исторических наук, профессор | **Mavrulov Abdukhalil Abdulkhaevich** - Doctor of Historical Sciences, Professor |
| **Иброҳимов Оқилхон Акбарович** - санъатшунослик фанлари доктори, профессор | **Иброхимов Окилхон Акбарович** доктор искусствоведения, профессор | **Ibrokhimov Okilkhon Akbarovich** Doctor of Arts, Professor |
| **Исакулова Нилуфар Жаникуловна** - педагогика фанлари доктори, профессор | **Исакулова Нилуфар Жаникуловна** - доктор педагогических наук, профессор | **Isakulova Nilufar Zhanikulovna** Doctor of Pedagogical Sciences, Professor |
| **Нишонбоева Қундузхон Вахобовна** - тарих фанлари номзоди, доцент | **Нишонбоева Кундузхон Вахобовна** - кандидат исторических наук, доцент | **Nishonboeva Kunduzkhon Vakhobovna** - candidate of historical sciences, assistant professor |
| **Хайтматова Сабохат Агзамовна** - санъатшунослик фанлари номзоди, доцент | **Хайтматова Сабохат Агзамовна** кандидат искусствоведения, доцент | **Khaytmatova Sabokhat Agzamovna** - candidate of art science, assistant professor |
| **Касимов Нозим Казимович** - филология фанлари номзоди, профессор | **Касимов Назим Казимович** кандидат филологических наук, профессор | **Kasimov Nazim Kazimovich** candidate of filology science, Professor |
| **Шермонов Элдор Уролович** - педагогика фанлари бўйича фалсафа доктори (PhD) | **Шермонов Элдор Уролович** – доктор философских наук (PhD) в области педагогических наук | **Shermanov Eldor Urolovich** – Doctor of Philosophy (PhD) in the field of Pedagogical sciences |
| **Нарзуллаев Ғулом Асадович** - педагогика фанлари номзоди | **Нарзуллаев Гулям Асадович** – кандидат педагогических наук | **Narzullaev Gulom Asadovich** – candidate of Pedagogical Sciences |
| **Худоев Ғани Муҳаммадович** - санъатшунослик фанлари бўйича фалсафа доктори, доцент | **Худоев Гани Мухаммадович** доктор философских наук в области по искусствоведению, доцент | **Khudoev Gani Muhammadovich** Doctor of Philosophy (PhD) in the field of art sciences, assistant professor |
| **Абдужаббарова Мусаллам Лапасовна** – педагогика фанлари номзоди, доцент | **Абдужаббарова Мусаллам Лапасовна** – кандидат педагогических наук, доцент | **Abdujabbarova Musallam Lapasovna** – candidate of Pedagogical Sciences, assistant professor |
| **Якубов Бахтиёр Чориевич** санъатшунослик фанлари бўйича фалсафа доктори | **Якубов Бахтиёр Чориевич** доктор философских наук в области по искусствоведению | **Yakubov Baxtiyor Choriyevich** Doctor of Philosophy (PhD) in the field of art sciences |
| **Турсунметова Робия Абдулла қизи** - PhD таянч докторант | **Турсунметова Робия Абдулла кизи** - PhD докторант | **Tursunmetova Robiya Abdulla qizi** PhD researcher |

Page Maker | Верстка | Саҳифаловчи: Хуршид Мирзахмедов

**Контакт редакций журналов. www.tadqiqot.uz**
ООО Tadqiqot город Ташкент,
улица Амира Темура пр.1, дом-2.
Web: http://www.tadqiqot.uz/; Email: info@tadqiqot.uz
Тел: (+998-94) 404-0000

**Editorial staff of the journals of www.tadqiqot.uz**
Tadqiqot LLC the city of Tashkent,
Amir Temur Street pr.1, House 2.
Web: http://www.tadqiqot.uz/; Email: info@tadqiqot.uz
Phone: (+998-94) 404-0000

# МУНДАРИЖА | СОДЕРЖАНИЕ | CONTENT

**1. Асрор ҚАЮМОВ**
ЎЗБЕКЛАРНИНГ ОИЛА ШАЖАРАЛАРИДА ГЕНЕАЛОГИК ЎЗЛИКЛАР…………………4

**2. Рашидов Асомиддин Зайниддинович**
МОДА ФЕНОМЕНИ: ТАРИХИ ВА РИВОЖИГА ДОИР АКТУАЛ ТАМОЙИЛЛАР………..9

**3. Лизахан УРАЗМБЕТОВА, Гулбаҳар БЕКНИЯЗОВА**
ДРАМАТИКАЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАР ҮСТИНДЕ ИСЛЕЎ……………………………………15

**4. Зарипова Марғуба Абидовна, Хаитова Зилола Патхуллаевна**
ЗАМОНАВИЙ ЛИБОС ДИЗАЙНИ СОҲАСИ РИВОЖИДА КОНЦЕПТУАЛ МОДА ТЕНДЕНЦИЯЛАРИНИНГ ЎРНИ……………………………………………………………...19

**5. Pirnazarov Saubet Maxsetbayevich, Ayapov Salamat Baxievich**
JIRAWSHILIQ KÓRKEM ÓNERI – BIR AKTYOR TEATRI MISALINDA……………………26

**6. Robiya Rizayeva**
AKTYORLIK SAN’ATIDA GRIMNING BADIIY AHAMIYATI………………………………30

**7. Nazira PRIMBETOVA, Manzura ALEKEEVA**
QUWIRSHAQ TEATRINIÑ JASLARDIÑ TÀRBIYASINA TÀSIRI……………………………34

**8. Dilnavoz SATTOROVA**
SA’DIY XORAZMIY LIRIK ASARLARI KO‘CHIRILGAN MANBALARINING ILMIY TAVSIFI……………………………………………………………………………40

ISSN: 2181-0737
www.tadqiqot.uz
МАДАНИЯТ ЧОРРАҲАЛАРИ
ПЕРЕКРЁСТОК КУЛЬТУРЫ | CROSSROADS OF CULTURE

**Nazira PRIMBETOVA**
ӨzMKӨMI Nәkis filiali ag‘a oqitio‘shisi
**Manzura ALEKEEVA**
ӨzMKӨMI Nәkis filiali studenti

## QUWIRSHAQ TEATRINIÑ JASLARDIÑ TÀRBIYASINA TÀSIRI

**http://dx.doi.org/10.5281/zenodo.7483003**

**ANNOTATSIYA**

Bul maqalada Quwirshaq teatr aktyorlarinin' haeketleri, obrazdi aship beriwi, plastikasi, bir-birin seziwi, aktyorliq sheberligi haqqinda so‘z juritiledi. Quwirshaq teatrinda tamashagoylerdin' jasina qarap 3 toparg'a bo‘linip shig‘arma jaziladi: 1) Mektepke shekemgi ta'lim jasindag‘i balalardin' topari ushin shig‘arma waqiyasi qisqasha ham a'piwayi boladi; 2) Mekteptin' baslawish ha'm orta klass oqiwshilari topari ushin shig'arma dosliq,mexriybanliq,haqqinda boladi; 3) O‘spirimlik dawirindegi oqiwshilar topari ushin shig'armada milliy úrp-àdetler, qadriyatlarimiz haqqinda sóz júritiledi.

**Gilt so‘zler:** Teatr, aktyor, saxna, ta'rbiya, ma'deniyat, qabiliyet, so‘z, quwirshaq, rejissor, professional, spektakl, mektep, dosliq, mehr, o‘spirim, shig'arma, ha'reket, topar, waqiya, haqiyqat.

---

**Назира ПРИМБЕТОВА**
Старший преподаватель
Нукусского филиала ГИИКУз
**Мензура АЛЕКЕЕВА**
Студентка
Нукусского филиала ГИИКУз

## ВЛИЯНИЕ КУКОЛЬНОГО ТЕАТРА НА ВОСПИТАНИЙ МОЛОДЁЖИ

**АННОТАЦИЯ**

В данной статье рассказывается о поступках актёров кукольного театра, развитии характера, пластики, взаимопонимании в актёрском мастерстве. В кукольном театре спектакль делится на 3-группы в зависимости от возраста зрителей: 1) Для группы детей дошкольного возраста рассказ произведения короткий и простой; 2) Для группы учащихся начальной и средней школы спектакль о дружбе и доброте; 3) Для группы школьников в подростковом возрасте рассказывает о наших национальных обычаях и ценностях.

**Ключевые слова:** театр, актёр, сцена, воспитание, культура, способности, речь, кукла, режиссёр, профессионал, исполнение, школа, дружба, доброта, подросток, произведения, движение, группа, события, правда.

**Nazira PRIMBETOVA**
Senior Teacher of
the Nukus branch of the SIACUz
**Manzura ALEKEEVA**
Student of
the Nukus branch of the SIACUz

# THE INFLUENCE OF PUPPET THEATER ON THE EDUCATION OF YOUTH

**ANNOTATION**

This article tells about the actions of the actors of the puppet theater, the development of character, plasticity, mutual understanding in acting. In the puppet theater, the performance is divided into 3 groups depending on the age of the audience: 1) For a group of preschool children, the story of the work is short and simple; 2) For a group of primary and secondary school students, a performance about friendship and kindness; 3) For a group of schoolchildren in adolescence, he tells about our national customs and values.

**Keywords:** theater, actor, stage, education, culture, abilities, speech, doll, director, professional, performance, school, friendship, kindness, teenager, works, movement, group, events, truth.

---

Quwirshaq teatr bul dàslep kishkene balalardiñ tàrbiyasina unamli tàsir kórsetip olardiñ júzine kúlki inam etetin teatr esaplanadi. Quwirshaq teatr o'zine ta'n ta'kirarlanbas ko'rkem o'ner tu'rlerinen biri bolip esaplanadi. Jas tamashago'ylerdin' teatr o'nerine qizig'iwshilig'i en' da'slep quwirshaq personajlar atqariwindag'i spektakller tamashasinan baslanadi. Bul ko'rkem o'ner tu'ri jas tamashago'ylerdi ma'na'wiy go'zzalliq a'lemine jetekleydi ha'm olardin' barliqg'a bolg'an ko'z-qarasin rawajlandiratug'in mektep esaplanadi.

Teatr saxnasinda janlanip, tilge kirgen suwretlew o'neri shig'armasi- quwirshaq personajlar xarakteri balalarg'a o'zgeshe zawiq ha'm o'z aldina quwanish beredi. Janlang'an quwirshaqlar-go'zzalliq, dosliq, ma'rtlik, a'dalat, hadalliq, miynet su'yiwshilik, Watang'a bolg'an sadiqliq sezimlerin balalardin' ju'regine quyadi. Demek, jas a'wladti ha'r ta'repleme ka'malg'a keliwinde ha'm jetik insan bolip ta'rbiyalaniwinda quwirshaq teatrdin' orni ayriqsha bolip tabiladi.

Quwirshaq teatri do'retpeleri ta'repinen ra'n'-ba'ren', zamang'a say, bay mazmung'a iye, ideasi ta'repinen jetik boliwi talap etiledi. Quwirshaq teatr o'neri balalar psixologiyasin, olardin' xarakterin, ruwxiyatin, o'mirde tutqan ornin, qizig'iwshiliqlarin, umtilislarin, a'tirapti orap turg'an a'lemdegi sheshe almag'an jumbaqlarinin' sheshimin bilip, olardin' aqilli jol baslawshisina aylaniwi kerek. Sonin' menen bir qatarda do'retiwshi tu'rli jastag'i balalardin' du'nyani aqiliy qabil etiw imkaniyatlarin esapqa alg'an halda jeterlishe ko'z qarasqa iye boliwi ha'm quwirshaq teatrdin' ba'rshe qa'siyetlerinen kelip shiqqan halda shig'arma do'retiwi na'wbettegi talabi esaplanadi.

Quwirshaq teatri aktyori ushin eñ zàrur bo'lgan bag'dar, bul oniñ qollari hàreketsheñligi. Haqiyqatindada insan hàreketiniñ eñ aktiv atqariwshisi bo'lgan qol quwirshaq teatrinda óziniñ ajayibatlarg'a bay siyqirli kúshin ele de dàl kórsete aladi. Qolda bul xarakterli ózgesheliklerdi tàrbiyalaw ushin birinshi gezekte qol shinig'iwlari menen shug'illaniw kerek. Talaba qollarin ózine boysindiriwg'a eriskende g'ana oniñ qollari qalegen hàreketlerdi orinlawg'a meyil boladi.Àlbette bul processti ózlestiriwde aktyorliq sheberligi elementleri jàrdem beredi. Etyudlar menen islesiw barisi àpiwayiliqtan quramaliliqqa ótedi. Aktyor dóretiwshiliginde sózdiñ àhmiyeti haqqinda aytatin bolsaq. Àlbette úzindi ústinde islew barisinda avtor sóziniñ àhmiyeti sheksiz bolip tabiladi. Sebebi sóz shig'arma mànisin shig'arip beriwde jàrdem beredi. Pikir sóz arqali bayan etiledi.

Sóz pikirdiñ hàreket jemisi bolip ol qatardiñ ishki mazmuni hàm usi arqali atqarilip atirg'an shigarma mànisin aship beredi. Quwirshaq teatriniñ jaslardiñ tàrbiyasina tàsiri úlken. Biz bilemiz quwirshaq teatri ushin repertuar tan'law en' quramali process esaplanadi. Sebebi, bul teatrg'a keletug'in tamashago'yler tu'rli jastag'i balardan ibarat. Sonin' ushin ma'lim bir jastag'i balalardin' aniq jasin esapqa almay turip shig'arma jaziw yaki tan'law orinsiz esaplanadi. Ma'lim bir saxna

shig'armasina aling'an tema, waqiyalar izbe-izligi, qarama-qarsiliqlar ha'm olardin' sheshimi, personajlardin' qanday insan ekenligi, olardin' xarakterinin' o'zgesheliklerine baylanisli esaplanadi.

Bul qasiyetler shig'armanin' berilgen sha'rt-sha'rayatda, basqishpa-basqish, ha'r tu'rli processlerde tu'rlishe bolip o'tedi. Sebebi, tamashago'ylerdin' jasina qarap olardin' shig'armani qabil etiwi menen baylanisli boladi. Sonin' ushin quwirshaq teatri repertuarin du'ziwde tamashago'ylerdin' jasina qarap u'sh topar bo'linip shig'arma jaziladi.

Birinshi topar mektepke shekemgi jastag'i balalardin' topari esaplanadi.Bul topar tamashago'yleri ushin jazilatug'in piesalar waqiyasi a'piwayi, so'zleri, ha'reketleri qisqa, tamasha oyin ko'rinisinde ko'rsetilip beriliwi talap etiledi. Quwirshaq personajlardin' obraz da'rejesindegi ko'rinisi ha'reketlerge tiykarlang'an bolip, na'zik oyinlarg'a, a'jayip qosiqlar ko'rinisinde jaziliwi kerek.

Tiykarg'i tema-balalardin' o'mirinen ko'rinisler, ta'biyat go'zzalliqlari, onda jasawshi qus ha'm haywanatlardin' jasaw ta'rizi, insanlardin' olarg'a mu'na'sibeti, balanin' shan'araqta ata-ana qushag'inda o'nip-o'siwi siyaqli waqiyalardi o'z ishine aladi. Jas tamashago'y bul processti ko'redi, personajlar ha'reketin baqlaydi ha'm talqilaydi. Na'tiyjede olarda o'mirdi biliw, an'law, jaqsiliqqa qaray umtiliw ha'm saxnadag'i personajlar menen mu'na'sibetke kirisiw qizig'iwshlig'i payda boladi. Bul bolsa, balalardi ha'r ta'repleme- aqiliy, ruwxiy ha'm ma'na'wiy ta'repten rawajlaniwina ja'rdemshi usil bolip xizmet qiladi. Bunday process jas tamashago'ylerdin' sezimleri o'sip, ulg'ayip, kamalg'a keliwine ta'sir etedi.

Ekinshi topar tamashago'yleri mekteptin' baslang'ish ha'm orta klass oqiwshilarinan ibarat boladi. Bul topar tamashago'yleri ushin jazilatug'in shig'armalar-shan'araq, mektep, oqiw ha'm u'yreniw, miynet, dosliq, mexriybanliq, jaratiwshiliq, Watansu'yiwshilik ruwxindag'i piesalardan ibarat boladi. Olar ha'r tu'rli temalar ha'm janrlardi o'z ishine aladi. Mektep oqiwshilarinan zakawat, sadiqliq, tuwri so'zlilik, danaliq, aqilliliq, mehir-mu'riwbet, dosliq siyaqli pa'ziyletlerdi ta'rbiyalaydi.

U'shinshi topardi o'spirim jastag'i oqiwshilardin' topari quraydi. Olarda milliy u'rp-a'detler, qa'diryatlar, tariyxiy shaxslardin' jasap o'tken joli ha'm olardin' du'nya rawajlaniwina qosqan u'lesi sa'wlelenedi. O'spirimler ko'retug'in tamashalarda bas qaharmanlardin' maqsetke erisiw ushin ha'r qanday tosiqlardi jen'e alatug'in, jaqsi baslamalarg'a iytermeleytug'in insan boliwi kerek.

Ha'r tu'rli janrlardi o'z ishine alg'an piesalar mazmuni menen tamashago'yler joqari maqsetin belgilep aliwg'a ja'rdemlesip, olardi, ma'rtlik sadiqliq, insanpa'rwarliq siyaqli ulli insaniyliq pa'ziyletlerge iytermelewi lazim. Aktyor birinshi náwbette izleniwshi hám gúzetiwshi bolıwı kerek. Ol ómirdi, turmıs tárizin, xalıq úrp-ádetlerin, adamlar psixilogikasın hám xarakterlerge tán qásiyetlerin tábiyat hám haywanatlar dúnyasın biliwi shárt. Bulardıń barlıǵı aktyor ushın júdá kerekli paziyletler bolıp esaplanadı. Áne usılardıń barlıǵın jaqsı bilgende ǵana onıń atqarǵan rolleri óziniń tábiyligi, ómirlik shınlıǵı menen tamashagóylerdi ózine tartadı. Talaba keleshekte quwırshaq teatrı ushın jetik qániyge, yaǵnıy quwırshaq teatrı aktyorı bolıp shıǵıwı kerek. Jumıstı onıń qolına quwırshaq túrleriniń birin uslatıp oynatıwdan baslaw kerek bolıp tabıladı.

Ol quwırshaqtı qolına alıp, onı háreketlendiriwge umtıldı da deyik, bul jerde quwırshaq teatrına say janlanıw sıyqırı júz bererme eken? Álbette joq! Sebebi ele kórkem óner mektebi baǵanalarınan birme-bir ótip, tolıq bilimge iye bolıp, sınawlarǵa shıdam berip úlgermegen talabanıń qolındaǵı quwırshaǵı ne nárse isley alıwı múmkin?

Álbette hesh nárse. Sebebi siziń aldıńızda qolında quwırshaǵın zorǵa uslap, ózin qalay tutıw kerekligin bilmey qısılǵanınan terge shomılıp ketken talabanı kóriw múmkin. Xosh, solay eken «quwırshaq teatrı aktyorı bolaman» dep oqıwǵa kirgen talabaǵa dóretiw mektebiniń birinshi adımlarınan sabaqtı neden baslaw kerek?

Álbette hár-bir teatr kórkem óneri aktyorı, ol qaysı bir teatr túrine tiyisli bolmasın, birinshi gezekte ózin tuta biliw hám organik tárepten shárt-sharayattan kelip shıqqan jaǵdayda maqsetke muwapıq logikalıq jaqtan tuwrı háreket etiwi lazım. Xosh, solay eken, demek quwırshaq teatrı aktyorın tárbiyalaw processi de basqa teatr aktyorların tárbiyalaǵanday bolar eken, degen soraw tuwıladı. Álbette bul júdá tuwrı hám maqsetke muwapıq boıp tabıladı.

Sebebi, quwırshaq teatrı aktyorı da hámme dóretiwshiler sıyaqlı eń dáslep aktyorlıq sheberligi biliminen xabardar bolǵan jaǵdayda onıń sırların oqıp úyreniwi kerek. Onnan keyin ǵana kásibine tiyisli bilimlerdi ózlestiriw qábiletine iye boladı. Quwırshaq teatrı aktyorı da saxnada quwırshaqtı qolına almastan burın janlı planda óz ústinde biymálel islewi hám bul baǵdardı óz saxnasına usı teatr kórkem óneri imkaniyatlarınan kelip shıqqan jaǵdayda usınıwı kerek boladı.

Aktyordıń dóretiwshilik dáwirinde óz ústinde islewi, aktyorlıq sheberligi elementlerin úyreniw hám ózlestiriwden ibarat boladı. Bul jóneliste oqıtıw «janlı planda» alıp barıladı. «Janlı plan» sózi usı taraw qániygeleriniń tili menen bolajaq aktyordıń quwırshaqsız islew processine aytıladı. Demek, jumıstı birinshi náwbette teatr kórkem óneri haqqındaǵı teotiyalıq bilimlerden baslaymız. Yaǵnıy quwırshaq teatrı bul qanday kórkem óner túri, kelip shıǵıw tariyxı, onıń ómirde tutqan ornı, wazıypaları, zamanagóy quwırshaq teatrınıń balalar dúnya qarasın qáliplestiriwdegi ornı hám áhmiyeti, quwırshaq teatrı etikası, teatr hám tamashagóy, súwretlew óneriniń quwırshaq teatrda tutqan ornı sıyaqlı bilimler tereń úyreniledi.

Álbette aktyorlıq sheberligi elementlerin úyreniw hám ózlestiriw teoriyalıq jaqtan ámeliy halda birge alıp barıladı. Sonıń ushın talabaǵa hár bir aktyorda kerek bolatuǵın psixotexnik elementlerdi teoriyalıq jaqtan dálillep, keyin shınıǵıwlar tiykarında ámelge asırıladı. Sebebi, aktyorlıq sheberligi elementlerin ózlestiriw dáwirinde shınıǵıwlardıń roli sheksiz. Elementler qatnasıwındaǵı shınıǵıwlarda aktyorlıq sheberligi elementleri bólek-bólek halda úyreniledi. Orınlanatuǵın shınıǵıwlar hesh qashan sportshınıń shınıǵıwına uqsamawı, anıq maqsetke qaray baǵdar alıwı shárt.

Biz bilgenimizdey hámme teatr kórkem óneri túrleriniń tiykarın háreket shólkemlestiredi. Álbette háreket meyli ómirde, meyli saxnada bolsın málim maqsetke tiykarlanǵan halda mákan hám zamanda bolıp ótedi.

Ómirde insan háreketleri erksiz túrde óz-ózinen kelip shıqqan halda ótedi. Mısal ushın: Erte oyanǵan ana bet qolın azanda juwıp, shańaraq aǵzaları ushın azangı awqatın tayarlaydı hám awqattan keyin birewin jumısqa, birin oqıwǵa, taǵı birin balalar baqshasına gúzetip, keyin ózi jumısına ketedi. Álbette, ananıń bul háreketleri óz-ózinen kelip shıqqan halda erksiz ámelge asadı.

Xosh saxnada háreketler ne nárselerge tiykarlanǵan bolıp hám ol qalayınsha ótiwi múmkins? Drama hám muzıkalı drama teatrlarında háreketler aktyordıń tiykargı quralı bolıp esaplanadı.

Balette háreketler balet aktyorınıń dene háreketleri arqalı ámelge asırıladı. Quwırshaq teatrında bolsa háreketler pútkilley basqasha boladı. Bul jerde aktyordıń háreketleri onıń qolındaǵı súwretlew kórkem óneri shıǵarması, yaǵnıy quwırshaqtıń sırtqı plastikası arqalı ámelge asırıladı.

Quwırshaq teatrında aktyordıń fizikalıq háreketi jasalma forma menen psixik háreketi ortasındaǵı bir baylanıs boladı. Demek, bir waqıttıń ózinde eki háreket aǵımı payda boladı. Yaǵnıy olardıń biri jaratadı, ekinshisi bolsa onı kórsetip beredi. Bulardıń hár-biride aktyordıń saxnalıq háreketi dáwirinde birlesedi. Quwırshaq teatrında saxnalıq háreket quwırshaq plastik háreketine aylandırılıp aktyordıń, fizikalıq háreketi menen almastırıladı. Sonıń ushın quwırshaq teatrındaǵı plastik háreket aktyordıń ishki háreketi menen tábiyiy baylanısı kem bolǵanlıǵı sebepli, dene háreketine iye bolıw basqa teatrlardaǵıday júz bermeydi.

Quwırshaq teatrında aktyor dene menen háreketlenedi. Lekin onıń bul háreketleri ishki keshirmelerdi sáwlelendirip bere almaydı. Qansha qálegen jaǵdayda da janlı tábiyat nızamı tiykarında atqarılmay, al quwırshaq kórkem óneriniń nızamları boyınsha ámelge asırıladı. Mısal ushın: quwırshaq personajı gúl inam etpekshi bolsa, onı basqarıp turǵan aktyor qol hám barmaqları arqalı gúl sawǵa etken adamnıń háreketine qatnası bolmaǵan háreketlerdi ámelge asıradı. Bul waqıtta shıyırmada quwırshaq gúl inam etip atırǵan boladı.

Álbette bul insannıń minez-qulqı nızamı boyınsha emes, al quwırshaq kórkem óneriniń talap tiykarları boyınsha boladı. Demek quwırshaq arqalı háreket etiw usı kórkem óner túriniń tiykarın payda etedi. Lekin talaba janlı planda aktyorlıq sheberligi sırlarınıń barlıǵın jaqsı ózlestirip, óz ayaǵına turıp bekkem fundamentke iye bolmasa, onda ol saxnada quwırshaǵı menen erkin háreket ete alıwına hesh qashan erise almaydı. Ol qolındaǵı quwırshaǵı menen keń kósheniń oylı bálent jolına túsip qalǵan hasası joq soqır adamǵa uqsap ketedi.

Dıqqat, qıyal hám fantaziya, háreket, shárt-sharayat, «egerde», dene erkinligi, qatnas, baha beriw, temp hám ritm aktyorlıq sheberligi elementleri esaplanadı. Usı elementler ómir nızamına

tiykarlanıp bir-biri menen baylanıslı hám olardı bir-birinen ajıratqan halda saxnada qandayda bir logikalıq háreket etiw qıyın. Sebebi saxnada orınlanıp atırǵan hár-bir ápiwayı shınıǵıwdaǵı háreketlerde de bul elementler bar boladı.

Mısal ushın: «Gúl beriw», «aynaǵa qaraw», «júzik taǵıw» bul shınıǵıwdaǵı háreketlerde «egerde» dıqqat, baha beriw, shárt-sharayat hám t.b. bar. Lekin oqıw processinde joqarıda atı atalǵan elementlerdiń barlıǵın talabaǵa birden túsindirip, onnan keyin birden hámmesin talap etip bolmaydı. Yamasa bólek túrde alınǵan elementti de tek ǵana óz aldına bólek túrde ótiw de qıyınshılıqqa alıp keledi. Sonıń ushında shınıǵıwlardı orınlap atırǵanda shártli túrde shınıǵıwlar háreket tiykarında ótiledi. Demek talabaǵa saxna háreketi ne degen sorawǵa juwap tawıp beriw kerek. Saxnadaǵı hár bir háreketti talaba turmıstaǵıday real túrde kóriwi, esitiwi, pikirlewi, seziwi zárúr hám bul háreketlerdiń barlıǵı janlı, maqsetke muwapıq, logikalıq jaqtan izbe-izlik tiykarında orınlanıwı kerek.

Saxnada orınlanıp atırǵan háreket úsh túrli jaǵdayda boladı:

1. Fizikalıq háreket orınlanatuǵın istiń sırtqı jaǵdayı (kiyiniw, gúl inam etiw, osma qoyıw hám t. b.) Bul háreketler tiykarınan psixik háreketti ámelge asırıw ushın qurılma sıpatında xızmet qıladı.

2. Psixik háreket insan miyine, ruxına, jaǵdayına tásir etip, onı ózgerttiriwge alıp keledi. (Túsindiriw, maqtaw, biykarlaw, óz muhabbatın bildiriw hám t. b.)

3. Sózli háreket sóz bul pikir bayanı. Sóz saxnada anıq maqsetke erisiw ushın aytıladı. Sóz insan psixikasına, yaǵnıy intellektine, qıyalına hám sezimlerge hár tárepleme tásir etiw kúshine iye. Fizik, psixik hám sózli háreketlerdiń barlıǵı saxnada bir maqsetke erisiw ushın baǵdarlanadı.

Is-háreket úsh túrli element tiykarında ámelge asadı:

1. «Maqset» (gúldi inam etiw) «Maqsetimiz nes».

2.«Ózimniń háreketim» (Men ne ushın gúl inam etip atırman?)

3.«Qalay orınlap atırman» (Sáykeslengen halda hárekettiń óz-ózinen orınlanıwı).

Háreket organik ómir nızam qaǵıydası tiykarında ótiwi kerek. «Aktiv» maqsetke baǵdarlanǵan janlı (organik) háreket obrazdıń ishki ómirin hám shıǵarmanıń ideyalıq pikirin ashadı», deydi G.Kristi . Demek háreketti tiykarǵı maqsetke baǵdarlaw ushın logikalıq tuwrı izbe-izlikke tiykarlanıw kerek. Sonıń ushında aktyorlıq sheberligi elementlerin ózlestiriw processi bul sportshınıń shınıǵıwı emes, al anıq maqset tiykarında tuwrı jolǵa qoyılǵan bolıwı kerek.

Ózlestiriw processi talabanıń imkaniyatlarınan kelip shıqqan halda alıp barıladı. Talaba hár bir elementti aktyor ushın nege kerekligin hám bunıń menen dóretiwshi ne sebepten óziniń pútkil dóretiwshilik iskerligi dawamında sportshılarday shuǵıllanıw kerek ekenligin túsinip jetkende ǵana elementlerdi ózlestiriw ańsat ótedi. Solay etip hár bir elementti ózlestiriw is-háreket tiykarında boladı. Is-háreket bolsa búgin, házir usı jerde, usı minutlarda bolıwı shárt.

Biz joqarıda aytıp ótkenimizdey aktyorlıq sheberligi elementlerin ayırıp bólek halda kórip shıqpaymız, lekin málim bir elementti ózlestiriw ushın usı elementke kóbirek toqtalıp, mısallar hám shınıǵıwlar arqalı túsindiriwge erisiwimiz lazım. Quwirshaq teatri ushin tan’lanatug’in shig’armalardin’ maqseti jalg’iz. Olda bolsa jas tamashago’ylerdi Watang’a sadiq perzent ha’m ha’r ta’repleme ka’mil insan bolip jetisiwine xizmet qiladi. Jaslarimizdin ele de jetik insan bolip jetilisiwin tàminleydi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1. Ańsatbaev N. Teatr hám aktyor. – Toshkent: Navruz, 2020.
2. Ashurova M. Quwırshaq teatr kórkem óneriniń aktyorlıq mektebi. Qaraqalpaqshalaǵan N.Pirimbetova. – Tashkent: Navruz, 2020.
3. Djuldikaraeva X. Sahna nutqi. – Toshkent: Navroʻz, 2008.
4. Mamatqosimov J.A. Aktyorlik mahorati. – Toshkent: Lesson Press, - 220 b.
5. Nemirovskiy A. Aktyordıń plastikalıq kórkemliligi. Qaraqalpaqshalaǵan N.Pirimbetova. – Tashkent: Navruz, 2020.
6. Rahmonov M. Oʻzbek teatri qadimiy zamonlardan XVIII asrga qadar. – Toshkent: Fan, 1975.
7. Sayfullaev B.S., Mamatqosimov J.A.Aktyorlik mahorati. –Toshkent: Fan va texnologiya, 2012. – 388 b.

8. Stanislavskiy K.S. Aktyorning oʻz ustida ishlashi. T.Xoʻjayev tarjimasi. – Toshkent: Badiiy adabiyot, 1965.
9. Болтабоева У. Қўғирчоқ театри гуруҳларида саҳнавий нутқнинг аҳамияти. – Тошкент: Наврўз, 2020.
10. Образцов С.В. О кукольном театре. – Москва: Искусство, 1947.

ISSN 2181-0737

Doi Journal 10.26739/2181-0737

# МАДАНИЯТ ЧОРРАҲАЛАРИ

4 ЖИЛД, 3 СОН

# ПЕРЕКРЁСТОК КУЛЬТУРЫ

ТОМ 4, НОМЕР 3

# CROSSROADS OF CULTURE

VOLUME 4, ISSUE 3

**Editorial staff of the journals of www.tadqiqot.uz**
Tadqiqot LLC The city of Tashkent,
Amir Temur Street pr.1, House 2.
Web: http://www.tadqiqot.uz/; Email: info@tadqiqot.uz
Phone: (+998-94) 404-0000

**Контакт редакций журналов. www.tadqiqot.uz**
ООО Tadqiqot город Ташкент,
улица Амира Темура пр.1, дом-2.
Web: http://www.tadqiqot.uz/; Email: info@tadqiqot.uz
Тел: (+998-94) 404-0000

*Мақолада келтирилган фактларнинг тўғрилиги учун муаллиф масъулдир.*